# ӨЗБЕК АЛЫМЛАРЫ ҒӘРЕЗСИЗЛИКТЕН КЕЙИНГИ ДӘЎИРДЕ ЖОҚАРҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚЛАР ҲАҚҚЫНДА

**Прекеева Амангүл –** *филология илимлериниң кандидаты, доцент*
amangul.prekeeva.@mail.ru
*ӨзМКӨМИ Нөкис филиалы*
**Қутлымуратов Илхамжан –** *жоқары категориялы рус тили оқытыўшы*
*Шымбай районы 5-санлы мектеп*

# УЗБЕКСКИЕ УЧЁНЫЕ О ВЕРХНИХ КАРАКАЛПАКАХ В ПЕРИОД ПОСЛЕ ПРИОБРЕТЕНИЯ НЕЗАВИСИМОСТИ

**Прекеева Амангул –** *кандидат филологических наук, доцент*
*Нукусский филиал Узбекистанского государственного института искусства и культуры*
**Кутлымуратов Илхамжан –** *учитель русского языка высшей категории*
*общеобразовательная школа №5 Чимбайского района*

# UZBEK SCIENTISTS ABOUT THE UPPER KARAKALPAKS IN THE POST-INDEPENDENCE PERIOD

**Prekeeva Amangul –** *Candidate of Philological Sciences, Associate Professor*
*Nukus Branch of the State Institute of Culture and Arts of Uzbekistan*
**Kutlimuratov Ilhamjan –** *highest-category Russian language teacher*
*Chimbay District No. 5 Secondary School*

**Таянч сўзлар:** миллий ўзликни англаш, қорақалпоқлар тарихи, жўқорғи қорақалпоқлар, Фарғона водийси, Бухоралик қорақалпоқлар, Сурхондарё, Хомкан қорақалпоқлари, чорвачилик, декхончилик, бўйрадузлик, қорақалпоқ уруғлари, тили, тарихи, урф-одат дастурлари.

**Резюме.** Ушбу мақола ўзбек олимларининг мустақилликдан кейинги даврда жуқорғи қорақалпоғлар ҳақида илм-фанда нашр этилган маьлуматларига бағишланади.

**Ключевые слова:** осознание национальной своеобразности, история каракалпаков, верхние каракалпаки, Ферганская долина, Бухарские каракалпаки, Сурхандарья, Хомканские каракалпаки, скотоводство, дехканство, ткачество, каракалпакские племена, язык, история, обычаи.

**Резюме.** Эта статья посвящена сведениям о верхних каракалпаках, опубликованным узбекскими учёными в период после приобретения независимости.

**Key words:** national identity, history of the Karakalpaks, upper Karakalpaks, Fergana Valley, Bukhara Karakalpaks, Surkhandarya, Khomkan Karakalpaks, animal farming, farming, boyrashiliq ( made of reeds that protect the windows from sunlight) , Karakalpak tribes, language, history, customs and traditions.

**Summary.** This article is devoted to the information published in the scientific literature by Uzbek scientists about the upper Karakalpaks in the post-independence period.

**Кирисиў** Қарақалпақлар әййемнен Қубла Арал бойында жасап қиятырған тили түркий тиллер шақабының қыпшақ диалектинде сөйлейтуғын халық. Олар қубла шығыс ҳәм қубла батыс Арал бойы аймағында әййемги дәўирлерден орта әсирлерге шекем жасаған бир неше этнослардың араласыўы нәтийжесинде отырықшы халық болып қәлиплескен [1].

Қарақалпақлардың жасаў жағдайының хәр қыйлы себеплерине байланыслы Хорезмниң арқа батыс тәрепине Үстирт, Сарықамыс, Узбой бойларына көшкен, бир қаншасы Волга бойларына барып Алтын Орданың қурамына кирген [1].

XIV әсирдиң ақыры XV әсирдиң басларында Алтын Орда ыдырап бир неше ханлықларға бөлинип кетеди. XV әсирдиң ақырында басқалар сыяқлы қарақалпақлар өзбек ханлығынан бөлинип шығады [2]. Бул дәўирде ноғайлар менен биргеликте аўқам болып жасайды. Орданың ханы Орманбеттиң қайтыс болыўы себепли үлкен апатшылық, ашаршылық жүз береди. Буннан Едил Жайықтан және Түркстанға, яғный Сырдәрья әтирапына көшип келеди. Бирақ, 1723-жылғы жунғарлардың, 1743-жылғы Абылхайырханның Сырдәрья бойларындағы қарақалпақларға ислеген шабыўыллары себепли әййемнен ата-журты, ата-мәканына қайта баслайды. Жунғарлардың Сырдәрьяның орта ағысын басып алыўына байланыслы қарақалпақлар «жоқарғы» ҳәм «төменги» болып екиге бөлинеди [3].

Жоқарғы қарақалпақларға сол дәўирдеги Қоқан ҳәм Бухара ханлығындағы қарақалпақлар, ал төменги қарақалпақлар Әмиўдәрьяның Арал теңизине қуяр аяғындағы жерлерде, яғный Хийўа ханлығында жасайтуғын қарақалпақлар киреди.

Ҳәзирги дәўирде жоқарғы қарақалпақлар Ферғана, Әндижан, Наманган, Самарқанд, Ташкент, Жиззақ, Хорезм ҳәм Қазақстан Республикасының Шымкент ўәлаятында, Түркменстанның Гөне Үргениш районында ҳәм Аўғаныстанда отырықшы турмыс кеширеди.

**Тийкарғы бөлим.** Өзбекстан ғәрезсизликке ерискеннен соң, халқымыздың тилин, әдебиятын, мәдениятын, тарийхын шын мәнисинде үйрениўге кең имкәниятлар ашылды. Соның ишинде, жоқарғы қарақалпақлардың тилин, әдебиятын, тарийхын үйрениўге қызығыўшылық күшейди, халықтың миллий өзлигин таныў бойынша бир қанша жумыслар алып барылды. Дәслеп жоқарғы қарақалпақлар ҳаққындағы мағлыўматлар рус ҳәм өзбек илимпазлары мийнетлеринде бериледи. Әсиресе, рус илимпазларынан Л.С.Толстованың мийнети айрықша. Ол жоқарғы қарақалпақлар ҳаққында арнаўлы изертлеў

жумысын жүргизди. Ғәрезсизликтен соңғы дәуирде де өзбек алымлары изертлеўлеринде жоқарғы қарақалпақлардың тарийхы, үрп-әдет дәстүрлери, кәсип-кәри, тили ҳаққында бийбаҳа мағлыўматларды ушыратамыз.

Тарийхшы алым У.Абдуллаев «1909-жылда басып шығарылған «Ферғана ўәлаяты халқының жайласыўы дизими»нде …чуит (шуйит), уюрчи… кенегез, найман… киби қарақалпақ урыўларының аты менен аталыўшы халық жасайтуғын мәнзиллерди көрсетип өтилгенлигин айтады [4]

С.С.Губаева Ферғана ойпатлығында жайласқан бир неше қарақалпақ аўылларын көрсетип өтеди: «Әндижан ўәлаятында: Дарламан Найман, Қыпшақ, Саҳабат, Шерқорған, Дүнгсарай, Хожаабад, Хавос, Буўағази, (Бобоғозы) Наманган ўәлаятында: Гуртева (Гуртепа), Бешкапа, Чордара, (Чордона), Қоракалпоқ, Ферғана ўәлаятында: Такали, Қипчоқ, Сойбуйи, Қорақалпоқ Қипчоқ ҳәм басқалар» [5].

Наманган ўәлаятының сөйлесимлерин изертлеген алым Дарвишов тилдиң этнолингвистикалық тәреплерин есапқа алып Наманган сөйлесимлерин үлкен үш топарға бөлип көрсетеди.

Соннан: «Үшинши топарға кейинги дәуирлерде Ферғана ойпатлығына көшип келген Дешти қыпшақ қәўимлери ўәкиллери қыпшақ ҳәм қарақалпақ урыўлары, солардан қырк, кенегес, чиял(чаяли) қатаған, сарай, қурама, манғыт, қазақ, урганжи, элатан ўлмас, қыят, алшын, қаражантақ, мадияр, мамахан, найман, бешсерка, бессары, кенегес,туўда, қирчин,уйғыр керейт ҳәм басқалар өзбек халқы, қала берсе өзбек халқының ажыралмас бөлими болған ЖҒН аймағы халқының қәлиплесиўинде үшинши айрықша этникалық қатлам есапланады» [6].

«Мениң урығим кенагас, урығим тарихы буйиша узим ҳам қызиқаман, малыўматлар йиғиб эдим .Фарғана билаяти Даңғара туманида (Кунган) йанида Қорақалпағ деган жай бар, Буўайда туманида йам, Үшкөприк туманида кәттә Кенагас,кичик Кенагас деган қышлақлари бар.Наманган билаяти да йам турттабешта Кенагас деган қышлақларимиз бар. Кенагас урығы пақат Фарғана да эмас, Бухара, Самарқанд, Шәҳрисәбзда йам жуда кўп қорақалпағ урығлари тарқалып кетган»(Мағлыўмат бериўши Наманган ўәлаяты Поп районы 24-мектептиң тарийх пәни оқытыўшысы Рустамов Исмайылжан,АнДУ питкерген.)

«-Қубла-батыс Наманган аймағындағы тийкарғы халық сөйлесим белгилерине қарай ҳәзирги өзбеклердиң әййемги еки ески этникалық топары қарлуқ ҳәм қыпшақ диалектлерине тийисли.Буннан тысқары,бул ареалда тәжик ,уйғыр,қазақ, қырғыз, қарақалпақ,рус,татар миллети ўәкиллери жасап атыр» [6]

Сондай-ақ, алым Р.С.Атаханов 2021-жылы «Фарғона водийси қорақалпоқларида аньанавий ва замонавий этноинтеграцион жараёнлари» атамасындағы илимий изертлеў жумысын алып барған. «Алдынлары қарақалпақлардың сартларға қыз бериўи жүдә кыйын болған. Мәселен, Ферғананың қарақалпақ аўылында жасаўшы қарақалпақлар жергиликли өзбек, тәжиклерге қыз бериўи ушыраспаған». Әндижан ўәлаяты Балықшы туманында аралас некелер 50-60 жыллардан кейин көбейгени айтылады. Мине сол дәуирде Чинабад қышлағынан Халфашек деген қарақалпақ қышлағына өзбеклерден келин болып түскен ҳаялды ҳәзирге шекем «сартмама» деп атайды екен» [7].

«Әндижанни ҳазирги «Қорақалпақ» МФЙ га қорақалпақни икки урығи келиб жайлашган. 1970-йилларга ша башқа миллатдан қыз алганмиз лекин бермаганмиз. Кейин кейин қызларимиз, йигитларимиз ташқарыга чыкиб институт уқий башлади.институтлардан башка кызларни еталаб келишти, шунақа қилиб аралашиш башланди.Биз қарақалпағмыз деймиз, йуз тузилишимиз уқшайди,лекин буерда узбек кабийлалари билан йанма-йан йашашимиз тилимиз узгарган. Йетмишинши йилларгаша ж лаш қусусийати бар эди.Кәтта эналаримиз жүр,жейсанма,жылан дер эди». (Мағлыўмат бериўши Қошқаров Баҳадыр, Алтынкөл районы «Қарақалпақ» МПЖ жоқары мағлыўматлы, өзбек тили ҳәм әдебияты оқытыўшысы, урыўы найман, 1961-жыл.)

«Карадайра, Сырдайра, Нарындайрасы буйида халқни баршаси қарылпағлар. Мениң анам сартлардан, анам урығи тамангадагилар бизларга: – Ҳа қарылпағлар келдизларми - дер эди. Анамди атамниң *укалари жаңаша* дер эди.(Мағлыўмат бериўши У.Ҳамдамов 1967-жылы туўылған, урыўы қыпшақ,жоқары мағлыўматлы, Мамахан қышлағы Мыңбулақ районы.)

«Ферғана ойпаты қарақалпақларының өнерментшилик дәстүрлери» атамасындағы мақалада қарақалпақлардың қамыстан ҳәр қыйлы тәбийий өнерментшилик буйымларын ислегенин, олардың жүдә сапалы орынлайтуғыны ҳаққында айтылғанын көремиз.

«Қарақалпақлардың қамыстан буйым таярлаўдағы узақ жыллық бай тәжирийбеси, олар таярлаған өнимлердиң жоқары сыпатлы болыўын тәмийинлеген. Қарақалпақлар орналасқан аймақлар тәбийий суў ресурслары өзеклер, қамыслар өсетуғын көллерден ибарат болған. Соның ушын халқы қарақалпақлардан ибарат болған Ферғана ўәлаяты Даңғара туманы Ақ тепа қышлағының, усы аймақтағы Жоймишкөл, Оймаўыт қышлағының Сырдәрья өзеги көллерине, Қудық кышлағының Ҳәбиббуўа зияратхана көлине, Наманган ўәлаяты Поп туманы Кенагас қышлағының Ғазнақ көлине жақын жайласқанлығы бул пикиримизди тастыйықлайды. Сондай-ақ, Әндижан, Наманган ҳәм Ферғана ўәлаятларының халқы қарақалпақлар болған көп ғана қышлақларында усындай жағдайлар ушырасатуғынлығы мәлим» [8].

«Мен 1951-жылы туғылғанман. Атамни аталары йам қарылпақ боған. Атам қалқозда буйрашы боп, буйра, чий, сабат, мардан туқиган. Буердегилердиң баршаси буйра туқий алади» (мағлыўмат бериўши Маткаримова Ымыгүлсин Қырқшек қышлағы, саўаты 10 кл, урыўы қырқ, Наманган ўәлаяты Мыңбулақ районы).

Бул мағлыўматлардан белгили әййемнен ата-бабаларымыздың күн көриси дийқаншылық, шарўашылық, балықшылық кәсиплери тийкарында болған ҳәм дәрья, көл жағаларына қоныс басқан. Суў бойында өскен қамыс, қоғалардан үй-рузыгершилиги ушын ҳәр кыйлы буйымлар ислеген. Сырдәрьяны жағалай көшкен халық та өзлерине колай мәканларға орналасып, нешше әсирлер өтсе де, ата кәсиплерин умытпай және де раўажландырған. Илимпазлардың

баҳа бериуине қарағанда,қарақалпақлардан қоңсы отырған халықлар олардан бул кәсиптиң сырларын үйренгени менен, қарақалпақлардай кәмине келтирип ислей алмаған. Сырдәрья әтирапында жасап атырған қарақалпақлар қамыс бар болса, еле де бойралар тоқыйжағын, ҳәзирги ўақытта жерлердиң өзлестирилиўи нәтийжесинде, суўдың кемейиўи бурынғыдан қамыслардың азайыўына алып келгенлигин айтады.

Алым Р.С.Атаханов Ферғана ойпаты қарақалпақларының тили ҳаққында былай дейди: «қарақалпақ тилиниң өзбек әдебий тилине және де жақынласып, өзбек-қарақалпақ тиллераралық мунәсибетлеринде ўақтынша аралық сөйлесиў тилин пайда еткен» [7].

«Бизлардан бирантаси: «қайердансиз»? – деса, «урта аўылдан, Найманнанбыз», – деймиз. Қарақалпағ тилидаги *аўыл* сузи сақланган. Бизлардан кәттәлар уз анасини *апа* десе, базылар *жеңңа* деган, (*Қарақалпақстаннын қарақалпақларында да өз анасын – кише, женге, әкесин -әжаға деп айтыў жағдайлары ушырасады. Себеби бириншы ақлық атасы ҳәм кемпир апасының баласы деп аталғанлықтан солай айтылған)* акасини-*акә*, акасиниң қатинини *жеңңа, жаңаша,* атасиниң атасини-*кәттә*, атасинин анасыни-*әннә,* қәйинсиңлисини, қәйнисини исмини айтмаған,*ҳуй бала, ҳуй қиз* деб айтган, (*Қарақалпақларда қәйнисин «ҳа бала», бийкешин «ҳа қыз» деп айтыў жағдайлары бүгинги күнде де бар) жаңғы* (жаңағы) деган сузлар қарақалпағчилигимиз. Ҳазир эска тушмай тур, гаплашганимизда қушни мәҳалладагилар сезади. - «Ҳай тилиң кетиб калды-ки»-дейди». (Мағлыўмат бериўши Қаҳҳаров Зияўатдийин Абдиўахитович, мағлыўматы жоқары, урыўы тели мын, 1958ж. Әндижан ўәлаяты Алтынкөл районы Қарақалпақ МПЖ)

Наўайы ўәлаятының диалектлерин изертлеген Н.Мурадова «Кенимех, Тамды районларында қарақалпақлар да жасайды. Сонлықтан да, бул аймақларда көптиллилик (қазақ, қарақалпақ, өзбек, рус тиллери) ушырайды деп жазады [9].

Сурхандәрьялы илимпазлардан Сурхандәрья қарақалпақларының тарийхына Ҳ.Кичкиловтың «Хомканлик қорақалпоқларнинг кўчиши» деген мийнетинде: «Хомкан қышлағы халқы қоңырат урыўы қурамындағы қарақалпақ деп аталған топар болып, Сурхан алабына тән тартыншақ, кемтар, мийнеттен басқаны билмейтуғын, қарапайым ҳәм кисиге азарсыз, ақ кеўил, аңқылдақ, көзге онша түсебермейтуғын ҳәм әпиўайылығы сезилип турады». Сондай-ақ, усы мийнетте XX-әсирдиң 30-жылларынан баслап Хомканлы қарақалпақларды пахташылық районларына Тәжикстан Республикасының Колхозабад, Шәҳәртуз, Сурхандәрьяның Ангар, Шерабад, Кызырық районларына көширилгени айтылған [10].

Қ.Бердиқулов «Қунғиротлар» мийнетинде: «Қостамғалының қарақалпақ тармағы төрт майда тийреге, яғный тармақларға бөлинип кетеди. Олар төмендегилер: Нарбека (Алтынбаш,) Абизбачча, (Аннақул), Вой-вой (Қадирқул) Жаббар қул (Түшбайы)» [11] Бизиң анықлаўымызша, Сурхандәрьяға өзбек қоңыратлары XV әсир ақыры XVI әсир басларында, қарақалпақ қоңырат урыўлары XVIII әсир ақырларында көшип барған ҳәм сол жерде отырықшы турмысты жасап,өсип-өнип урыўларын тийрелерге бөлип атаған.

Я.Турдимуратовтың «XX асрда Сурхон-Шеробод воҳасида ареал хўжалик маданияти» деген илимий изертлеўинде: «Қарақалпақлар тийкарынан Сурханның Шерабад районындағы Хомкан қышлағында жасайды, ҳәзирге шекем олар хожалығында шарўашылық жетекши орынды ийелейди. Олар тийкарынан ҳисары қойларын бағады» [12].

М.Файзуллаева, Ш.Кичкиловлардың «Хомкан» деген мийнетинде: «Шығыс Бухара қоңыратларының еки ең үлкен (қостамғалы ҳәм айынны) урыўлары қурамында қарақалпақ топарларының бар екенлигин айтып өтиў орынлыдур». Сондай-ақ, усы мийнетте: «Хомканлы қарақалпақлар «ж»лаўшы қыпшақ диалектинде сөйлеседи. Мәмилеси қопалырақ болғаны менен, лекин туўры сөзли, тәбияты жалғанды жақтырмайды, тилди жаллаўды, хошаметгөйликти хош көрмейди» [13].

Сурхандәрьялы қарқалпақлардың аўызеки сөйлеў тилинен жазып алған мағлыўматларға нәзер аўдарсақ: «Мен Әбдисаматов Хасан 1942-жылы 10-июнда Хомканда туғылғанман, саксан бешга кирйаппан. Хомканның қоштамғалының устбашшасы қарылпақпан. Хомканнын Көксай жийдәли қышлағынан таўлық жай 1943-жылы көшип кегенбиз бу қышлаққа, Шерабадқа. Таўдың ишкәрисидә Хомкан деган қышлақ бар. Тәжиқал апаңны урығы сәккиз, анасының урығы шанышқылы. Бул қышлақтың сәккиз, нарбека, алдай, алтынбаш ҳаммаси қарақалпағ қоңыратлар. Барлығы Хомканлықлар, қарақалпағлар. – Нанды сырындырыңызлар, жеңлер, күпи менен пишкән май. Сүтти пиширип қатық уйытамыс, қатықты күпиге қуямыс, мынаў күпи майы. Шайыңыз саўып қапты. Бизиң асасан кәспимиз шарўа, қой бақамыз. Бәҳәр келиши менен қышлақ халқы аўылға, жайлаўларға қара үйлерин тигип, малларын бағыўға кетади. (Мағлыўмат бериўши Әбдисаматов Хасан ата 1942-жылы 10-июнда Хомканда туўылған, урыўы қостамғалы қарақалпақ).

**Анализ ҳәм нәтийжелер**. Сурхандәрьялы қарақалпақлардың жоқарғы қарақалпақлардан өзгешелиги *қара үйди* отаў деп емес, ал қара үй, ҳәттеки өзбек қоңыратлары да усылай атайды екен. Олар балаға арнап тигилген үйди ғана, *балама отаў тиктим*, өз *алдына отаў болды, хожалықлы болды* – деген мәнисте қолланылады. Қара үйди жоқарғы қарақалпақлардың барлығы отаў десе, тек сурхандәрьялылар ғана қара үй деп атайды. Сондай-ақ, олар урыўларын айтқанда, қарақалпақтың айыннысыман деп емес, айынның қарақалпағыман, қоштамғалының қарақалпағыман деп қолланады. Ферғана қарақалпақлары үлкен урыўларын биледи, бирақ оның тийрелерин умытқан.

Жоқарғы қарақалпақлардың тилин үйрене отырып, Ферғана ойпаты қарақалпақларының тилине қарағанда, Сурхандәрья қарақалпақларының тили қарақалпақ аўызеки сөйлеў тилине жақын екенлигин байқадық. Бунның бирден-бир себеби: мектепте билимди өзбек тилинде алғаны менен, олар кыпшақ диалектинде сөйлейтуғын өзбек қоңыратлары менен бирге жасаўында деген пикирге келдик. Ферғана қарақалпақларының тили қарлуқ диалектинде

сөйлейтуғын өзбек миллети ўәкиллери менен бир неше әсирлерден берли бирге жасаўы,мектепте билимди өзбек тилинде алыўы сыяқлы тәсирлер нәтийжесинде әдеўир өзгериске ушыраған, деген менен Ферғана ойпаты халықларының тилин изертлеген өзбек илимпазлары қарақалпақлар тили өзгешеликлерин анализлей отырып,қыпшақ диалектинде сөйлеседи деген жуўмаққа келген. Бул пикирлерге қосыламыз, бунның айқын дәлилин жоқарыдағы мысаллардан көрсек болады.

**Жуўмақ** «Тарийхты еслеўсиз келешек жоқ» – дегениндей, халқымыздың бир-биринен ажыралғанына үш әсирден асламырақ ўақыт болған болса, мине соннан қарақалпақлар тарийхының изертлениўи нәтийжесинде ХХ-әсирдиң екинши ярымынан баслап илимде «жоқарғы қарақалпақлар» деген атама пайда бола баслады. Ғәрезсизликтен кейинги дәўирде өзбек илимпазларының изертлеўлеринде жоқарғы қарақалпақлардың жасайтуғын аймақлары, турмыс тәризи, кәсиплери, аўызеки тили ҳаққында баҳалы мағлыўматлар берилген. Бул изертлеўлер қарақалпақ илими ушын қымбатлы дерек болып хызмет етери сөзсиз.

Елимиз ғәрезсизликке ерискеннен соң, жоқарғы қарақалпақлар менен катнасықлар жолға қойылып атыр, бирақ бул байланысларды еле де күшейтиңкиреў керек деп есаплаймыз. Сол арқалы олардың тилин, аўызеки әдебиятын, тарийхын, этнографиясын үйренип, бүгинги қарақалпақ илимине қосыў – шешимин күтип турған ўазыйпалардың бири.

**Әдебиятлар**

1. Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2003.

2. Федоров-Давыдов Г.А. Общественный строй Золотой Орды. – Москва: «Наука», 1973.

3. Камалов С. Қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўи ҳәм оның мәмлекетлигиниң тарийхынан. // ӨзРИАҚҚБ Хабаршысы. – Нөкис: 2001.

4. Абдуллаев У. Фарғана водийсида этнослараро жараёнлар (19-20 аср бошлари). – Тошкент: «Янги аср авлоди», 2005.

5. Губаева С.С. Этнический состав населения Ферганы в конце XIX начале XX вв. – Тошкент: «Фан», 1983.

6. Дарвишев И. Ареал тилшунослик: Жануби-ғарбий Наманган шеваларининг фонетик-фонологик хусусиятлари. (монография) – Тошкент: «Навруз», 2019.

7. Атаханов Р.С. Фарғона водийси қорақалпоқларида аньанавий ва замонавий этноинтеграцион жараёнлари. Монография. – Андижон: 2022.

8. Эсонов З.Ю.Фарғона водийси қорақалпоқларининг ҳунармандчилик аньаналари. // Laboratorium WIEDZY Artur Borcuch.GOSPODARKA I INNOWACJE,Volime: 42.2023 International Journal of Economy and Innovation ISSN: 2545-0573, 603-606-б.

9. Муродова Н.Қ. Ўзбек тили Навоий вилояти шеваларининг лингво-ареал талқини: Филол. фан. д-ри. ... дис. автореф. – Тошкент: 2006.

10. Кичкилов Ҳ. Хомканлик қорақалпоқларнинг кучиши. Ўзбекистонда моддий маданият ва этномаданий жараёнлар. Республика илмий-амалий анжумани мақолалар тўплами. – Термиз: 2010.

11. Бердикулов Қ. Қўнғиротлар. – Тошкент: «Ёзувчи», 1999.

12.Турдимуратов Я. ХХ-асрда Сурхон- Шерободвоҳаси ареал хўжалик маданияти (чорвачилиги мисолида). –Тошкент: «LESSON PRESS», 2020.

13. Файзуллаева М.Х, Кичкилов Ш.Х. Хомкон (Этногенез, этник тарих ва этномаданият.) – Тошкент: «Замон-Полиграф», 2022.